

# 6 out

**... Bondye, Papa nou ki renmen nou, ki fè nou favè, ki bay yon kouraj ki p ap janm febli ansanm ak yon bèl espwa.** 2 Tesalonisyen 2. 16

**Sa m ap sibi kounyeya, se yon ti soufrans ki la pou pase. Men, soufrans sa a ap pare pou mwen yon bèl pouvwa k ap la pou tout tan, pouvwa ki depase ti soufrans sa a anpil.** 2 Korentyen 4. 17

## **Anwo liy ki separe vag yo**

Pandan yon bèl jounen nan lete, nan tigòlf nan Biarritz, pandan nou gade, te gen yon nonm ki t ap naje nan lanmè a sou yon moso planch, ki te chame nou. Li t ap suiv mouvman vag lanmè a pandan l kanpe sou yon moso planch byen ekilibre. Vag lanmè a t ap fè gwo mouvman monte desann ak nonm nan sou moso planch lan. Nonm nan t ap imite tout kalite mouvman vag lanmè a t ap fè avè l. Li t ap glise desann tankou li sòti nan yon tèt mòn epi l ap glise plonje anba. Ki diferans ki genyen ant yon moun k ap naje sou lanmè a, vag lanmè a ap maltrete ak nonm sa a k ap naje sou moso planch lan, ki suiv tout mouvman liy lanmè a, e ki fè lanmè a pote li !

Èske se pa yon bèl ilustrasyon sa kretyen an ta dwe ye ? Olye nou kite vag eprèv yo ak difikilte lavi sa a anglouti nou, ann fikse je nou sou Sovè nou an, e n a kapab mache sou vag yo tankou nonm k ap naje sou moso planch lan.

Se sa a Apot Pòl te fè Kretyen wòm yo sonje. Eprèv yo kapab yon sijè pou fè kè yo kontan, paske eprèv yo te ka fè yo apresye pi fèm esperans yo genyen an, e pèmèt yo fè Bondye plis konfyans, jan li renmen yo (Women 5. 3-5).

Èske li pa gen sityasyon kote nou ka dekouvri li se “Bondye tout konsolasyon, ki ankouraje nan tout lapenn nou ye” (2 Korentyen 1. 3, 4). Nan yon fason patikilye li mete devan nou glwa ak esperans byenerez k ap tann nou. Konsa, nou fikse je nou sou bagay je moun pa ka wè, sou bagay ki nan syèl la, men nou pa chita ap gade bagay je tout moun wè k ap fè nou soufri. Men “nan syèl la Bondye va seche tout dlo nan je nou, p ap gen lanmò ankò, nou p ap nan lapenn ankò, nou p ap janm plenyen ankò, nou p ap janm soufri ankò. Tout vye bagay sa yo pral disparèt” (Revelasyon 21. 4).

# 6 août

**Notre Dieu et Père... nous a aimés et nous a donné une consolation éternelle et une bonne espérance par grâce.** 2 Thessaloniens 2. 16

**Notre légère tribulation d'un moment produit pour nous, en mesure surabondante, un poids éternel de gloire.** 2 Corinthiens 4. 17

## **Sur la crête des vagues**

Par un beau jour d'été, dans la baie de Biarritz, nous observons, fascinés, l'adresse des surfeurs. D'un tour de reins, les voilà debout sur leur planche, gardant l'équilibre sur la crête d'une vague plus haute qu'eux et portés par elle jusqu'à son effondrement dans le ressac du rivage. Quelle différence entre le nageur ballotté par ces puissantes vagues et le surfeur qui se fait porter par elles !

N'est-ce pas une illustration de ce que devrait être le croyant ? Plutôt que de nous laisser engloutir par les vagues des épreuves et des difficultés de la vie, attachons fermement nos regards sur notre Sauveur, et nous pourrions marcher sur les vagues avec lui.

C'est ce que l'apôtre Paul rappelait aux chrétiens de Rome. Les épreuves pouvaient même être pour eux un sujet de joie, car elles les conduisaient à apprécier plus fortement leur espérance et à faire confiance à l'amour de Dieu (Romains 5. 3-5).

N'y a-t-il pas des situations où l'on peut découvrir qu'il est le "Dieu de toute consolation, qui nous console à l'égard de toute notre affliction" ? (2 Corinthiens 1. 3, 4) Il place en particulier devant nous la gloire et l'espérance bienheureuse qui nous attendent. Ainsi nos regards se fixent, non pas sur les choses visibles qui nous font souffrir, mais sur cet avenir céleste qui nous attend, où "il n'y aura plus ni deuil, ni cri, ni peine, car les premières choses sont passées" (Apocalypse 21. 4).